



Pou Piblikasyon Imedya: 28/03/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE GEN PRÈ A TO ENTERÈ KI FÈB POU TI BIZNIS YO KI DISPONIB NAN KONTE CLINTON POU ABITAN AK BIZNIS KI TE AFEKTE PA INONDASYON BLOKIS GLASYAL AN JANVYE A**

***Abitan ak Biznis ki te Afekte Akoz Inondasyon Rivyè Saranac lan Yo Ka Aplike pou Jwenn Prè a To Enterè Ki Fèb nan men Administrasyon Ti Biznis Ameriken an***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke Administrasyon Ti Biznis (Small Business Administration, SBA) Ameriken an te aksepte demann li an pou yon Deklarasyon Dezas Fizik (Physical Disaster Declaration) pou ti biznis yo ak kay yo ki nan Clinton ak konte Essex ak Franklin ki a kote yo, ki te afekte akoz inondasyon sou tout Rivyè Saranac lan ki te rive nan dat 15-16 Janvyè 2018. Gouvènè an te mande deklarasyon sa nan yon lèt ke li te voye bay SBA a nan dat 16 Mas.

“Inondasyon blokis glasyal ki sou tout Rivyè Saranac lan yo te gravman afekte fanmi ki nan zòn Underwood Estates yo epi li te deranje biznis ki tou pre yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Prè a to enterè fèb yo pral ede moun ak biznis yo fè reparasyon pou rekonstwi kominote yo an yon fasyon ki pi rapid epi pi djanm ke anvan.”

**Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo (Division of Homeland Security and Emergency Services), Roger L. Parrino, Sr., te deklare,** “Sa se asistans ke yo bezwen anpil pou moun ki te inonde soti nan kay yo nan sezon ivènal sa. Mwen kontan dèske patnè federal nou yo ki nan SBA a te fè prè a enterè fèb sa yo vin yon opsyon pou moun New York ki afekte yo”.

Prè SBA souvan itil lè mèt kay ki kalifye yo, lokatè, biznis ak lòt moun ki bezwen sipò finansye apre ijans oswa katastwòf ki gen rapò ak move tan. Apre inondasyon sa, pèsonèl SBA a, Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo nan Eta New York, Vil Plattsburgh ak Jesyon Ijans Konte Clinton lan yo te fè yon evalyasyon minisye sou dega yo. Evalyasyon sa te konfime te genyen dega majè ki te fèt nan 48 kay ak nèf biznis pou yon total 533,000 dola pou dega yo. Gen domaj minè ki te fèt nan 22 kay ak yon biznis pou yon total 86,000 dola pou dega yo.

Prè a to enterè fèb nan SBA sa yo ap sipòte efò Gouvènè an ki ap kontinye yo pou ede abitan ak biznis ki afekte yo pou yo kapab fè reparasyon atan. Nan dat 23 Fevriye 2018, Gouvènè an [te siyen pwojè lwa](#) pou modifiye lwa eta a ki an vigè a pou ofri asistans imedyata bay abitan Underwood Estates yo ki te gen kay yo ki te gravman andomaje oswa kraze akòz inondasyon an. Daprè pwogram eta ki an vigè a, rezidan yo dwe posede kay la ansanm ak tèren kote yo ap viv la pou yo ka aplike pou finansman. Mezi sa te agrandi elijibilite a pou asire ke tout abitan yo ki afekte pa inondasyon an nan Underwood Estates ki nan Plattsburgh, ki gen ladan sila yo ki posede kay epi ki lwe tèren an, yo elijib pou yo aplike pou sipò finansye epi yo ka fè sa imedyatman.

Gwoup ki annapre yo gen dwa kalifye pou èd prè SBA pou bagay ki annapre yo:

- Mèt Kay yo: jiska 200,000 dola pou repare ouben ranplase pwopriyete yo ki andomaje ouben kraze
- Mèt Kay ak lokatè yo: jiska 40,000 dola pou repare ouben ranplase pwopriyete pèsonèl ki andomaje ouben kraze
- Pwopriyete Biznis yo: jiska 2 milyon dola pou ranplase pwopriyete, envantè, machin, ekipman ak lòt pèt fizik
- Biznis ak òganizasyon non-pwofi: Prè pou Katastwòf Dega Ekonomik jiska 2 milyon dola pou bay fon woulman ki nesèsè jiskaske operasyon nòmal yo rekòmanse apre yon katastwòf

To enterè yo ba rive jis 3.385 pousan pou biznis yo, 2.5 pousan pou òganizasyon san bi likratif yo, ak 1.75 pousan pou pwopriyete kay yo ak lokatè yo ak kontra rive jiska 30 ane. Se SBA ki defini montan ak kondisyon prè yo ki baze sou sityasyon finansye chak aplikan.

Moun ak biznis ka aplike sou entènèt tou atravè Aplikasyon pou Prè Elektwonik sou sit entènèt sekirize SBA a nan <https://disasterloan.sba.gov/ela>. Dat delè pou ranpli epi soumèt aplikasyon yo pou domaj fizik nan pwopriyete yo se 29 Me 2018. Dat delè pou soumèt aplikasyon yo pou domaj ekonomik yo se 27 Desanm 2018.

Reprezantan sèvis kliyantèl SBA yo pral disponib nan Sant Sansibilizasyon Prè pou Dezas lan (Disaster Loan Outreach Center) pou reponn kesyon sou pwogram prè pou dezaz lan epi ede moun yo konplete aplikasyon yo.

Sant lan lokalize anba la epi li pral ouvri jan yo endike la a:

Asistans pou lojman nan Konte Clinton (Clinton County Housing Assistance)

[24 Margaret St., Suite 7](#)

Plattsburgh, NY 12901

Ouvèti: Jedi 29 Mas

Orè: 11:00 AM - 5:30 PM

Jou ak Lendi - Vandredi

Orè: 9:00 AM - 5:30 PM

Samdi 31 Mas

10:00 AM - 2:00 PM  
Fèmen: Dimanch 1 Avril  
Fèmti: Jedi 5 Avril  
9:00 AM - 3:30 PM

Endividi ak biznis ka tou jwenn enfòmasyon ak aplikasyon pou prè lè yo rele nan Sant Sèvis Kliyantèl SBA a nan 1-800-659-2955 oswa 1-800-877-8339 pou moun soud ak sa ki tande di, ouben yo ka voye email nan adrès [disastercustomerservice@sba.gov](mailto:disastercustomerservice@sba.gov). Ou ka telechaje aplikasyon pou prè tou nan [www.sba.gov/disaster](http://www.sba.gov/disaster). Yo dwe retounen aplikasyon ki fin ranpli yo nan sant lan ouben la lapòs nan adrès: U.S. Small Business Administration, Processing and Disbursement Center, 14925 Kingsport Road, Fort Worth, TX 76155.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)